

*Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè  
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

*Bilten JILAP  
Bulletin JILAP*

*Twazyèm Kongrè Nasyonal*


**16**

Pòtoprens, novanm

## Men ki sa n jwenn nan Bilten sila a

Yon ti mo pou louvri Bilten an .....	3
Pou refleksyon nou .....	5
Twazyèm Kongrè nasyonal Jilap Pi gwo angajman Komisyon an genyen nan peyi a	
Deklarasyon Jilap nan peyi a .....	23
Jilap te patisipe .....	28
Dokiman .....	32
Batay pou dwa moun toupatou sou tè a .....	39

Publikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR ansanm ak Komisyon Ewopeyen an. Se Komisyon Jistis ak Lapè a ki sèl reskonsab sa k ekri nan Bilten an.



La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR et de la Commission Européenne. La responsabilité du contenu des articles publiés dans ce Bulletin revient à la seule Commission Nationale Justice et Paix.

## *Yon ti mo pou louvri Bilten an*

*Bilten* sila a, se yon Bilten espesyal li ye, paske li fèt lavèy twazyèm Kongrè nasyonal Komisyon an. Konsa *Bilten* an vle pataje ak tout lektè yo, ni ak tout komisyon pawasyal yo tou ki sa y ap diskite nan Kongrè a. Chak pawas te jwenn envitasyon pou voye yon delege anndan rankont Kongrè sa a.

Aprè sa, nou gade nan divès aktivite Komisyon an mennen, sitou nan ki kondisyon yo te pran lapawòl. Nou gade tou nan ki sa kèk delege Komisyon an te patisipe nan dènye mwa sa yo.

Nan batay pou dwa moun sou tè a, genyen de bagay ki enpòtan pou moun konnen. Yon moun Bangladèsh, Mohamad Younous, ki te travay pou konbat lamizè e pou pèmèt pòv yo amelyore kondisyon lavi yo jwenn pri Nobèl pou Lapè. Sa se pi gwo rekonpans yon moun kapab jwenn pou angajman li anfavè lapè nan mitan moun ak pèp yo. Epi, nan mwa jen yo t ap debat anpil sou kesyon ti zam yo. Asanble Jeneral Nasyonzini te adopte yon konvansyon pou mete règ jwèt ki pi sere nan zafè komès zam yo. Nou kontan di : peyi d Ayiti te pami 77 peyi ki te soutni pwopozisyon akò sa a.

Sa se pi gwo atik yo n ap jwenn nan *Bilten* sa a. Nou espere l ap sèvi pou manm Jilap yo kontinye fòme tèt yo gras ak sa y ap jwenn nan divès atik yo.

Nou rekòmande twazyèm Kongrè Jilap la nan panse ou ak nan lapriyè ou, paske travay pou lapè ak jistis nan peyi a mande bon jan motivasyon ki chita sou fondman ki solid ki rasinen nan Granmèt la ki Prens Lapè ak Solèy Jistis la.

Ekip *Bilten* an salye ou.

## *Editorial*

Ce bulletin est un Bulletin spécial en préparation du troisième Congrès national de la Commission. Le Bulletin veut partager avec nos ami (e)s lecteurs et lectrices, et avec les commissions paroissiales les différents thèmes qui seront traités lors du Congrès. Chaque Commission paroissiale a été invitée à participer au Congrès en y envoyant un délégué.

Ensuite, nous regardons les différentes activités de la Commission ; dans quelle condition et pour quel motif une commission a pris la parole. Nous informons sur les principales activités auxquelles la Commission nationale a participé.

Dans la lutte pour les droits humains et le respect de la dignité de la personne, il y a des choses qui sont bon à savoir. Cette année, un citoyen de Bangladesh, Mohammad Yunus, a obtenu le prix Nobel pour la Paix. Ce prix est la plus grande distinction qu'on peut octroyer à une personne pour son engagement en faveur de la paix dans le monde. Au mois de juin de cette année, aux Nations Unies, l'Assemblée générale a fait de grands débats sur le commerce des armes légères. Un texte de protocole international a finalement été voté par l'Assemblée. 77 pays, dont Haïti, ont soutenu le projet du protocole.

Voici les plus importantes contributions que vous trouverez dans ce *Bulletin*. Nous espérons que le *Bulletin* sera utile en premier lieu pour la formation continue de nos membres et un bon moyen de communication avec nos ami(e)s et sympathisant(e)s.

Nous recommandons le troisième Congrès national de la Commission à votre attention et prières. Le travail pour la Paix et la Justice exige de solides motivations et un enracinement très profond dans Celui qui est le Prince de la Paix et le Soleil de la Justice.

L'équipe du *Bulletin* vous salue.

Pou refleksyon nou
--------------------

**JILAP**  
**Ranfòse baz dinamik li**  
**Pou bati Lapè nan kominote yo**

**Twazyèm Kongrè nasyonal Jilap**

*Les Congrès nationaux de la Commission Justice et Paix ont toujours marqué les activités de la Commission. Le premier Congrès Jacquezil en 1996 a décidé de la formation pour tous les membres pour unir la vision de la Commission sur les droits humains. Le deuxième a renforcé la réflexion sur la paix dans toutes les activités de la Commission. Le troisième Congrès veut mettre l'accent sur la commission paroissiale, base de la Commission elle-même.*

*Justice et Paix comme activité pastorale de l'Eglise a son propre champ d'action et sa propre méthode. Son champ d'action est la défense de la dignité et des droits de la personne humaine. La Commission n'est pas une association caritative, elle n'est pas active dans les projets de développement. Elle se pose la question des responsabilités, et son action vise à mettre les responsables devant leurs irresponsabilités propres. Ceci l'oppose souvent aux autorités étatiques, responsables de garantir de la satisfaction des droits et de tous les droits dont doit jouir la personne humaine, parce que les droits humains sont indivisibles.*

### ***Ki sans yon Kongrè genyen nan Jilap ?***

Yon kongrè se yon moman enpòtan pou Komisyon an, pou plizyè rezon. Se pa chak ane yon kongrè fèt. Yon kongrè mobilize plis moun ak resous. Chak komisyon gen dwa voye yon reprezantan ladan l, selon sa Komite Egzekitif la te deside. Nan tout istwa Komisyon an, depi nan lane 1969, lè Komisyon an te fonksyone tankou yon gwoup refleksyon enfòmèl, depi nan lane 1985, lè Komisyon an te genyen yon sekretarya pèmanan nasyonal, se twazyèm fwa Komisyon an òganize yon kongrè.

Komisyon an te òganize yon premye kongrè nasyonal nan lane 1995. Kongrè sa a te fèt nan Jagzil nan dyosèz Fò Libète. Plis pase 100 manm Jilap te patisipe ladan l. Kongrè a te deside yon pwogram fòmasyon pou manm Jistis ak Lapè yo nan tout peyi a. Se li k te tounen PNF : Pwogram nasyonal fòmasyon an, oswa *Pwogram nasyonal fòmasyon ajan pastoral* dwa moun Komisyon an genyen.

Dezyèm Kongrè a te fèt nan lane 2000, senk lane apre premye kongrè a. Delege yo te reflechi sou sans reyalite Lapè a genyen. Depi kongrè a, Komisyon an antre pi fon nan tout kalite pwogram ak aktivite pou ranfòse lapè nan kominote a, san l pa bliye : lapè se rezilta jistis ak sa k korèk. Chimen lapè, se relasyon korèk nan mitan moun yo anndan sosyete a. Konsa, Komisyon an mete laksan pi plis sou sa k mare ansanm travay dwa moun, batay pou jistis ak travay bati lapè nan sosyete a.

Kounye a nou lavèy twazyèm kongrè nasyonal Jistis ak Lapè. Tout eksperyans fè n wè : travay pou genyen « Lapè selon sa k korèk » pa kab fèt si pa gen komisyon solid ak djanm anndan chak lokalite ak chak pawas nan peyi a. Kongrè a ap poze **kesyon komisyon pawasyal yo ak ki sa yo menm kapab fè pou lapè** kote yo ye ak nan tout peyi a. Pou sa n ap gade ki sa k masyon Jilap nan yon pawas, epi n ap gade divès angajman Komisyon an genyen deja ak ki pi gwo bezwen peyi a genyen tou. Pi gwo kesyon an na p blije brase, men li : *Ki lè nou andwa di genyen yon komisyon Jilap djanm anndan yon lokalite, anndan yon pawas ? Kilè yon*

*komisyon lokal kapab di : nou se yon Komisyon Jistis ak Lapè pawasyal tout bon ?*

### ***Jistis ak Lapè genyen idantite ak metòd pa li***

Jilap se yon branch nan pastoral sosyal Legliz katolik la. Misyon li se ede Legliz la *mare konviksyon lafwa li nan Jezi, solèy Jistis ak prens Lapè a, ak yon angajman konsekan pou chanje sosyete a*, pou kab genyen plis respè pou diyite moun. Anndan sosyete a menm, Komisyon an reprezante Legliz la nan angajman l pou defans diyite ak dwa moun. Misyon Komisyon an a chak nivo, se misyon tout Legliz la. Konsa, Komisyon an gen dwa konte sou konkou tout Legliz la pou travay la kab fèt.

Menm jan ak Karitas, Jistis ak Lapè se youn nan chapant sa yo, Legliz la menm te mete sou pye apre Konsil Vatikan 2 a, pou l kab fè travay li pi byen. Jistis ak Lapè se yon zouti enpòtan pou pastoral sosyal Legliz la kab fèt, sa vle di pou tout aktivite Legliz la mennen pou tout sitwayen yo, tout pitit Bondye yo kapab viv byen nan sosyete a.

Jistis ak Lapè genyen metòd pa li. Li pa nan gwo pwojè menm jan ak Karitas ki antre afon nan travay asistans kote k nesesè ak nan travay devlopman. Kote l dekouvri yon bezwen, Karitas ap antre an aksyon pou asiste moun, pou òganize popilasyon an pou fè sa yo kapab yo menm menm. Konsa, nou wè aksyon Karitas ap mennen nan domèn agrikilti, nan domèn lasante, nan bay kredi, elatriye. Divès aktivite sa yo ede popilasyon an aji li menm menm pou l rezoud pwòp pwoblèm pa li.

Jistis ak Lapè se yon komisyon. Sa vle di li pi piti, li pa genyen yon pakèt materyèl ak zouti nan men li. Men, manm li yo dwe genyen yon bon motivasyon ak desizyon. Komisyon an genyen mwens mwayen nan men li pou fè li menm menm. Men sitou, Komisyon an genyen yon lòt manda ak yon lòt metòd devan divès kesyon moun yo ap viv nan sosyete a.

Devan pwoblèm moun yo rankontre nan sosyete a, men ki sa Komisyon an ap fè :

- L ap chèche konprann kesyon an byen. Sitou, l ap chèche konnen ki sa ki lakòz li, epi kilès ki reskonsab pou rezoud mòd kesyon sa yo.
- Lè l fin konprann kesyon an byen, l ap denonse sitiyaasyon an, epi l ap mete moun ki konsènen yo devan reskonsablite yo, pi souvan Leta a, paske se li k gen manda sosyete a nan men yo pou antre nan kesyon an. Se sa k fè tou, anpil kesyon ki konsènen bezwen esansyèl moun yo genyen se kesyon dwa moun yo ye.
- L ap kanpe ansanm ak moun ki viktim yo pou yo kab jwenn sa ki dwa yo, kit se dwa sivil ak politik, kit se dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl.
- Konsa, men nan ki kalite pwojè Komisyon an pral antre : fòmasyon, motivasyon, pledwaye, defans dwa moun, bati Lapè, rekonsilyasyon, el.
- Nan kèk domèn, sitou sa ki genyen awè ak jistis la, l ap soutni viktim yo pou yo jwenn sa k dwa yo; l ap kanpe ak tout moun pou yo toujou respekte diyite yo kòm moun.

Travay sa a pa fasil, li mande fòmasyon, bon jan desizyon ak anpil pèsèverans. Komisyon an pa vle fè nan plas moun ki gen yon manda pou sa. Apwòch li konplete sa lòt òganizasyon ak enstitisyon pastoral sosyal Legliz yo ap fè, men li pa menm. Li genyen pwòp metòd pa li.

<i>Diferan apwòch yo</i>	<i>Kilès ki pratike l</i>	<i>Ki wòl kominote a genyen</i>	<i>Ki rezilta nou kab jwenn</i>
Asistans	Se Leta ki pou fè l.	Anpil fwa moun yo rete san fòs. Y ap fè pou yo.	Gen danje pou èd la pa fè moun yo vin depandan.



<b>Lacharite</b>	<b>Legliz yo, zèv yo, epi gen lòt òganizasyon toujou.</b>	<b>Moun yo pasif ; epi yo pa mande yo konsèy</b>	<b>Tout èd toujou genyen limit ; se yon bagay k ap fini kanmenm yon jou.</b>
<b>Devlopman</b>	<b>Anpil òganis ak òganizasyon.</b>	<b>Selon pratik òganis la devlope, moun yo kab vin pi aktif. Yo rive kwè yo kapab fè yo menm menm ; òganis la ap bay teknisyen ak mwayen lajan</b>	<b>Pafwa, lè pwojè yo fini, moun yo tounen kote yo te ye. Pwojè lokal yo pa toujou kapab chanje gwo chapant sosyete ki mal bati a.</b>
<b>Apwòch Jistis ak Lapè</b>	<b>Komisyon yo ak lòt gwoup ki poze kesyon yo sou kòz afon yo.</b>	<b>Kominote a dwe patisipe, sitou pou motive e fè presyon sou reskonsab yo.</b>	<b>Reskonsab yo rive konprann wòl yo pi byen ; relasyon ant reskonsab yo ak popilasyon an vin chanje.</b>

Tout diferan apwòch sa yo genyen enpòtans yo selon moman ak selon bezwen yo ki mande yon solisyon. Sa se yon bagay nou tout nou kapab konprann. Lè genyen yon katastwòf, ki sa k dwe fèt, kilès k ap fè l ? Epi, kilès ki pou ta fè l ? Lè gen difikilte nan peyi a, moun yo pa kab ap chita ap tann Leta sèlman. Divès pwojè devlopman ap fè parèt aklè ki posiblite popilasyon an menm genyen, lè l mete men. Men tou, chak moun ki genyen yon reskonsablite nan Leta oswa nan sosyete a dwe konn reskonsablite l epi li dwe pran l. Se sèl mwayen pou n rive genyen yon sosyete ak yon Leta djanm ki nan sèvis moun. JH

## **Ki pi gwo angajman Jilap genyen jounen jodi a ?**

*La priorité de la Commission en Haïti dans la lutte pour le respect de la dignité humaine est son travail dans le domaine des droits humains. Le congrès se penchera sur les différentes activités qui en découlent pour les approfondir. Dans un deuxième mouvement, le Congrès se posera la question sur de nouveaux thèmes qui surgissent.*

*Voici les thèmes qui sont objet d'une attention spéciale des commissions :*

- *La formation dans le domaine des droits humains ;*
- *L'observation de la violence et des violations des droits humains ;*
- *La réforme du système judiciaire ;*
- *La construction de la paix.*

*Voici de nouveaux thèmes, ou des thèmes qui demanderaient plus d'attention :*

- *La question du genre et de la participation des femmes dans les commissions ;*
- *Violence, armes et désarmement ;*
- *La construction de l'Etat et la bonne gouvernance ;*
- *Réconciliation, justice et droits humains.*

*Durant tout le congrès, la question de l'identité des commissions locales ou paroissiales sera à l'ordre du jour. C'est à ce niveau que se trouve la force de la Commission.*

## **Men sou ki sa Komisyon yo ap travay nan peyi d Ayiti :**

### **Fòmasyon ajan pastoral dwa moun**

Pi gwo oryantasyon premye Kongrè Jistis ak Lapè nan lane 1996 te bay Komisyon an, men li :

Jilap bezwen devlope yon vizyon nan zafè dwa moun. Manm Jilap yo dwe pataje vizyon sila a. Jilap dwe fè plis jefò pou asire fòmasyon manm li yo.

Desizyon sila a, se li k te pouse Jilap antre pi plis nan travay fòmasyon. Apre kongrè a pandan tout yon lane, tout dyosèz yo ansanm te bay lide pou yon pwogram fòmasyon sou dwa moun ; epi nou te jwenn patnè pou ede reyalize l.

Pwogram fòmasyon sila a, nou rele yon pwogram fòmasyon ajan pastoral dwa moun, oswa Plan Nasyonal Fòmasyon (PNF) te tounen yon pwogram vas ki kounye a antre nan tout kwen peyi a. Plis pase 200 pawas benefisyè pwogram nan.

Men ki sa fòmasyon sa a genyen ladan l :

- Ki sa k dènye fondman dwa moun ?
- Dwa moun ak sosyete peyi d Ayiti.
- Dwa moun ak ekonomi ayisyen an.
- Dwa moun ak politik nan peyi d Ayiti.
- Dwa moun ak kilti ayisyen an.
- Dwa espesyal yo.

Apre 10 lane, nou vle fini travay fòmasyon sa a nan lane 2007. Moman an rive pou n fè yon bon bilan ak evalyasyon sou sesyon sa yo. Kongrè a kapab fè yon premye pa nan sa.

Men kèk kesyon pou debat :

*Ki sa PNF te chanje nan komisyon lokal nou yo ?*

*Ki sa PNF te chanje nan kominote lokal yo kote k genyen komisyon Jilap k ap travay ?*

## **Obsèvasyon vyolans ak vyolasyon dwa moun**

Depi komisyon yo egziste nan dyosèz yo ak nan pawas yo, yo te toujou sansib pou tout kalte enjistis moun yo sibi, sitou nan kondisyon sistèm lajistis ap fonksyone nan peyi a. Komisyon yo te sansib pou divès kesyon tankou pwoblèm tè ki tèlman enpòtan pou peyizan yo. Nan dyosèz Hench yo te fè yon dosye sou sa ; menm jan tou nan dyosèz Gonayiv. Dosye Gonayiv la te genyen kòm tit : *Si nou pa pale, wòch yo va rele*. Depi nan kòmansman toujou, anpil komisyon te ede moun yo ak divès pwoblèm moun yo te genyen lè yo parèt devan otorite Leta yo : kesyon etasivil, tribinal depè, el.

Depi lane 1992, Jilap vin yon manm fondatè POHDH(Platfòm Oganizasyon Ayisyen k ap defann Dwa Moun). Pandan lane koudeta yo divès dosye t ap denonse divès sityasyon vyolans ak vyolasyon dwa moun ki te genyen nan peyi a akòz koudeta militè ki te boulvèse peyi a nan mwa sektanm 1991. Men kèk egzanzp : Jilap nan dyosèz Gonayiv pa t janm bouke denonse vyolasyon dwa moun ki te genyen nan depatman Latibonit la. Komisyon an te fè gwo jefò pou fè dosye sou masak Raboto ak sou plizyè lòt zak ki te komèt nan Gwo Mòn ak Sen Michèl Latalay. Komisyon Achidyosèz Pòtoprens te pibliye yon ankèt enpòtan sou masak Fraph te komèt nan Site Solèy nan mwa desanm 1993.

Depi lane 2002 Komisyon Achidyosèz Pòtoprens ansanm ak Sekretarya nasyonal la ap obsève yon fason sistematik vyolans k ap fè moun pèdi vi yo nan zòn metwopoliten an.

Lè, apre lane koudeta yo, POHDH t ap reyòganize aktivite l, nan 8 depatman, se Jilap ki kòdone jefò Rezo a ap fè pou konnen vyolasyon dwa moun k ap fèt nan peyi a, epi pou akonpaye viktim ki vle antreprann yon demach devan otorite Leta yo.

Epoutan, anpil kesyon toujou rete pou travay sa a vin pi efikas. Enjistis, vyolans ak vyolasyon dwa moun toujou ap kontinye ap fèt nan peyi a. Oganizasyon dwa moun yo dwe chèche lòt fason pou akonpaye viktim yo.

Genyen anpil nouvo òganizasyon dwa moun ki prezan sou teren an. Ki kontribisyon Jilap ap bay nan domèn obsèvasyon enjistis ak vyolasyon dwa moun ak nan domèn akonpaye viktim yo ? Ki jan eksperyans Jilap genyen kapab ede plis moun nan batay pou gen respè pou diyite moun ak pou dwa l yo ? Ki jan nou kapab òganize yon swivi ki pi efikas chak fwa moun yo denonse yon vyolasyon oswa yon enjistis y ap sibi, chak fwa yon viktim mande konkou Jilap nan domèn sa yo ?

*Kongrè a ap bay dizon l sou yon plan pou reyòganize obsèvasyon vyolasyon dwa moun nan pratik Jilap la.*

### **Refòm sistèm Lajistis**

Depi plis pase 5 lane, Jilap mete fòs li ansanm ak lòt òganizasyon dwa moun (CEDH ak HSI) nan yon jefò pou mobilize sitwayen yo nan peyi a pou reyalize yon refòm sistèm jidisyè a. Nan kòmansman, 6 komisyon dyosezen te antre nan aktivite sila a, kounye a, yo tout patisipe. Fowòm sitwayen pou refòm jistis la, se pa yon aktivite Jilap menm jan ak tout lòt yo. Se yon komite kòdonatè ki pran desizyon yo ; epi, PNUD mete yon komisyon teknik pou ede l ak tout keksyon teknik nan domèn refòm Lajistis la.

Piti piti, Fowòm nan te rive devlope pwòp metòd pa li : konsilte moun yo atravè tout peyi a, epi òganize rankont nasyonal pou konfime divès pwopozisyon yo ki sòti alabaz. Pandan 6 lane depi l egziste, Fowòm nan te konsilte plis pase 20.000 moun ki manm nan plis pase 2.000 òganizasyon, nan plis pase 300 rankont atravè tout peyi a. Se Jilap ki reskonsab gwo travay konsiltasyon sa a atravè depatman yo.

Men ki prensip tout patisipan yo gen tan asepte :

- Lajistis dwe pwoteje diyite chak moun genyen; se li k dwe pase anvan tout lòt bagay. Se li k nannan refòm sistèm jidisyè a.
- Refòm lajistis se yon refòm ki touche chapant sistèm nan, li se yon moso nan refòm Leta a ak tout pratik li yo.

- Pi gwo aktè refòm nan se sitwayen an li menm. Poutèt sa, metòd refòm nan dwe pèmèt sitwayen yo patisipe tout bon. Se sèl fason pou n rive antann sou yon seri prensip ak règ jwèt tout aktè yo asepte.

Patisipan yo gen tan debat yon seri kesyon, tankou:

- Rezon ki lakòz **sosyete sivil la dwe mele nan zafè refòm Lajistis;**
- **Enpòtans diyite moun genyen** lè n ap mete sou pye yon lòt pwosè penal;
- **Fason jistis penal la mache nan peyi a** ak fason yo trete moun ladan l.
- Ki sa k mare ansanm **batay pou demokrasi ak lit pou refòm Lajistis la.**

Men ki pi gwo pwoblèm Fowòm nan ap etidye:

- Lajistis la pa pre sitwayen yo, li pa klè;
- Pouvwa jidisyè a pa granmoun tèt li, li depann de lòt Pouvwa yo;
- Lajistis la genyen anpil koripsyon ladan l, konsa pa gen sekirite jiridik;
- Leta pa mete asistans jiridik ak lòt mekanis pou defann dwa sitwayen yo;
- Ankèt yo pa janm abouti.

Depi genyen yon palman lejitim nan peyi a, Fowòm nan dwe fè l konnen tout travay ki gen tan fèt, tout sa senp sitwayen yo panse e pwopoze pou Lajistis nan peyi a kapab mache yon lòt jan. Se yon gwo travay k ap tann Fowòm sitwayen an.

*Ki jan Jilap konprann wòl li nan travay sila a?*

## **Bati Lapè**

Depi Jilap egziste, rekonsilye moun, ede moun chita pou pale ansanm, se youn nan pi gwo aktivite yo. Onivo pawas yo ak dyosèz yo, anpil jefò fèt pou ede moun jere konfli yo, san vyolans pa mete pye.

Travay Lapè, se pi gwo travay Komisyon an. Nou travay pou gen jistis kòm chimen pou bati lapè. Jistis pa menm ak vanjans. Okontrè, jistis se chèche reyalize relasyon ki korèk nan mitan moun; sa se yon chimen pou

bati yon lapè ki solid. Dezyèm Kongrè Jilap te fè nan lane 2000 te konfime sa.

Nan peyi a, kote sistèm lajistis pa fè travay li, oswa kote lajistis koute chè, li enpòtan pou devlope lòt fason pou jere konfli yo ki genyen anndan kominote yo. Depi plizyè lane, komisyon pawasyal yo te mande pou yo ta rive genyen plis konpetans, mwayen ak teknik pou ede moun rezoud konfli yo antre yo, san yo pa bezwen parèt devan lajistis pou sa.

Depi de (2) lane, Komisyon an òganize yon fason sistematik yon fòmasyon sou fason kominote yo kapab jere konfli yo san vyolans pa mete pye. Fòmasyon sa a kòmanse ap fèt nan achidyosèz Pòtoprens, nan dyosèz Gonayiv ak Ench. Yon ekip fòmatè gen tan prepare nan achidyosèz Okap, nan dyosèz Fò Libète ak nan Pòdepè. Plis toujou, Jilap ap kolabore ak lòt òganizasyon pou gaye fòmasyon sila a nan kèk katye nan zòn metwopoliten an, tankou Site Solèy ak Sen Maten.

Tout sa montre enpòtans fòmasyon an genyen pou ede kominote yo rezoud konfli yo anndan kominote yo, ak moun sou plas ki pa chèche enterè yo. Konsa, yo rive reyalize sa k vrèman nan enterè tout moun nan kominote a.

*Nan yon atelye pandan Kongrè a, patisipan yo ki enterese ap gen chans pou pataje divès eksperyans nan bati Lapè nan peyi a ak lòt kote tou.*

### **Misyon komisyon yo nan pawas yo**

Depi plizyè lane, Jilap ap travay pou ranfòse pwòp chapant li yo. Depi anpil lane, nan chak dyosèz yo òganize yon asanble jeneral. Nan chak dyosèz genyen yon komite direktè, genyen yon komite egzekitif. Tout sa ede komisyon yo pou fè yon pi bon travay.

Men, deja anvan komisyon dyosezen yo te egziste, te genyen plizyè komisyon pawasyal ki t ap fè yon gwo travay, toupatou nan peyi a. Yo pa t

anpil tankou jodi a, men yo t ap fè yon gwo travay. Nou panse a plizyè pawas nan dyosèz Gonayiv tankou Verèt ak Dezam. Nou sonje kèk pawas nan Nòdwès tankou Chansòl. Te genyen plizyè pawas nan zòn Jeremi ak nan Wo Plato Santral.

Jilap dwe genyen yon baz ki solid pou l kapab travay toutbon anfavè Jistis ak Lapè nan peyi a. Travay pou tabli lapè, pou fè jistis epi pou kreye pi bon relasyon kòrèk nan mitan moun, dwe fèt anndan kominote yo kote moun yo ap viv. Se travay kominote yo yo menm. Komisyon Jilap yo la pou fè Legliz la ak fidèl yo, ak tout moun bòn volonte sonje l, epi pou kore travay sila a.

Konsa, travay pou ranfòse baz Jilap la, pou fè komisyon pawasyal yo vin djanm toujou dwe fèt. Kongrè a ap koute bèl travay k ap fèt nan baz la. Chak dyosèz ap prezante youn ou de komisyon pawasyal. Se fason n ap evalye fòs Jilap sou teren an.

*Nan yon atelye n ap kontinye ap pataje eksperyans sa yo. N ap etidye ki sa ki idantite yon komisyon lokal Jilap anndan yon pawas.*

## **Nouvo reyalite yo**

### **Pwomosyon fanm**

Jilap se yon zouti pastoral sosyal Legliz la. Legliz se kominote tout moun ki patizan Jezi. Li rasanble gason kou fi, granmoun kou timoun. Nan travay defann diyite ak dwa moun, Jilap ap defann tout moun kit yo gason kit yo fi; kit yo granmoun kit yo timoun; kit yo katolik, pwotestan oswa sèvitè lwa.

Epoutan, nou konstate patisipasyon medam yo nan travay Jilap poze anpil pwoblèm. Nan travay fòmasyon Jilap ap fè, nou konstate sou chak 10 patisipan, 2 ou 3 sèlman se fi. Nan gwoup fòmasyon yo, medam yo vin pi piti,



chak fwa yon nouvo fòmasyon ap fèt. Onivo dyosèz yo ak pawas yo, manke motivasyon pou chèche enterese medam yo nan travay Jilap ap fè a.

Jilap Gonayiv te fè yon bèl eksperyans nan lane 2000, lè te genyen yon rezo defans dwa fanm nan Komisyon an. Men, apre 2 lane, rezo a pa t kenbe ankò.

Yon kesyon enpòtan: nan anpil aktivite Legliz, nou wè gwo enpòtans medam yo genyen. Gade anpil aktivite pastoral, vizit malad, koral yo. Se pa konsa pou travay Jilap. Ki sa k fè sa?

Jilap se yon aktivite pastoral Legliz la. Se moun k ap aji nan non lafwa yo. Kòm òganizasyon Legliz k ap travay nan domèn dwa moun, li pa yon òganizasyon fanm. Kòm yon zouti pastoral dwa moun k ap defann diyite ak dwa tout moun, ni gason ni fi, li gen pwòp mesaj ak temwayaj li pou bay.

Jilap gen gwo konviksyon liberasyon medam yo pa kab fèt san mesye yo tou pa sòti nan prizon egoyis pa yo. Liberasyon youn pa kab fèt kont lòt. Liberasyon youn pa kab fèt san lòt.

*Ki jan plis fi kapab rive enterese nan travay Jilap ap fè ak nan gwo konviksyon yo ki alabaz angajman li? Se yon kesyon Kongrè a dwe poze tèt li. Yon atelye ap travay sou kesyon sila a.*

### **Vyolans, zam ak dezameman**

Depi kèk lane, sosyete Ayisyen an vin pi konsyan reyalite vyolans ki egziste anndan l. Reyalite politik la depi 1986 te mete aklè divès fòm vyolans ki genyen. Lit pou pouvwa politik la te mete reyalite vyolans la toutouni. Vyolans makout, vyolans Fraph, vyolans chimè, vyolans zenglendo, vyolans fè koupe fè, vyolans lame t ap fè sou sitwayen, vyolans represyon lapolis, vyolans gwoup ak zam, vyolans ki mare ak trafik dwòg, elatriye.

Men vyolans pi laj toujou. Genyen anpil vyolans nan fanmi, vyolans sou fanm, vyolans sou timoun, vyolans nan pawòl lè youn ap fè lòt menas, genyen anpil vyolans nan fason chapant ekonomik ak sosyal peyi a bati, elatriye.

Jilap pa janm bouke denonse divès fòm vyolans ki genyen nan sosyete a. Nou antre nan fòmasyon pou bati Lapè, ki vle di jere konfli yo pi byen pou yo pa tounen yon sous vyolans k ap detwi lavi.

Pafwa travay pou genyen Lapè sanble depaman ak travay pou genyen Jistis. Batay kont enpinite a anpil fwa parèt pa mache ak travay pou Lapè, lè tout moun bezwen chita ansanm pou mete sa k divize kominote a deyò.

Kongrè a, nan youn nan atelye yo, ap poze tèt li kesyon: ki vyolans ki genyen? Ki sa ki sous vyolans? Ki angajman Jilap dwe pran devan vyolans ki genyen? Eske Jilap fè sa l dwe fè pou konbat vyolans nan sosyete a?

*Ki jan travay pou genyen respè pou dwa moun mache ansanm ak travay pou genyen Lapè nan kominote yo? Atelye a ap etidye yon pozisyon sou koze sila a.*

### **Konstwi Leta ak bon gouvènans**

Travay pou gen Jistis ki mennen Lapè, se yon angajman pou genyen enstitisyon ki solid anndan peyi a. Travay pou Lapè se yon pwosesis. Li pa p janm fini, paske toutan gen nouvo defi ki parèt ki mande lòt repons. Travay pou genyen Jistis tou, pa ka fèt si pa gen Leta ki solid. Refòm sistèm jidisyè a mache men nan men ak travay pou refòm Leta a.

Nan tan n ape viv, Leta yo enpòtan. Pèp yo òganize yo tankou yon ansanm Leta ki dwe viv ansanm youn ak lòt. Yon sitwayen se yon moun ki manm yon Leta. Chak moun gen dwa pou Leta kote l fèt la rekonèt li, epi se Leta ak sistèm jidisyè a li mete sou pye ki garanti dwa l yo.

Si Leta yo pa byen òganize, si reskonsab yo pa konn devwa yo, si yo pa gouvènen l byen, si genyen koripsyon, si tout sitwayen pa egalego devan lalwa, se sitwayen yo k ap sibi sa. Pa p gen respè dwa moun. Sitwayen pa p santi yo se moun tout bon. Pa p gen lapè. Kidonk, travay pou lapè ak pou respè diyite ak dwa moun, se travay pou yon Leta ki djanm e pou genyen bon gouvènans ladan l.

Anpil rapò komisyon pawasyal ap fè pale sou jan Leta absan nan zòn kote yo ye a. Pa gen polis, pa gen etasivil, pa gen lopital. Se sèl kèk lekòl ki genyen, men yo mal ekipe, epi yo pa ase pou resevwa tout timoun k ap viv nan zòn nan. Epitou, peyizan yo pa gen ankadreman ki pèmèt yo pwodui kòm sa dwa. Tout sa se vyolasyon dwa moun yo ye, paske Leta absan kote l te dwe prezan. Epi, li konn yon sous vyolans tou, tankou lè gen jistis popilè, paske pa gen Leta pou fè jistis.

An menm tan tou genyen eleksyon k ap fèt nan peyi a. Gen yon Prezidan, yon gouvènman ak yon palman lejitim. Anvan lontan ap gen gouvènman lokal yo. Yo tout enpòtan pou avni peyi a.

Depi genyen otorite lejitim nan peyi a, nou pa ka konsidere yo tankou lènmi, okontrè nou fèt pou pale ak yo. Nou dwe konvenk yo pou fè sa yo dwe fè. Sosyete sivil la, Jilap ladan l, dwe yon fòs ki blije yo kenbe chimen ki dwat la.

*Pandan Kongrè a, yon atelye kapab reflechi sou reyalite sa yo:  
Ki sa Jilap kab fè? Ki sa l dwe fè nan kad sa a? Ki wòl Jilap nan edikasyon sivik popilasyon an? Ki mòd rapò nou dwe tabli ak otorite yo a chak nivo : lokal, depatmantal, nasyonal?*

### **Pwoblèm tè nan peyi a**

Depi diktantan nan peyi a, kesyon tè se nannan anpil konfli nan mitan sitwayen yo. Nan tan lakoloni, sete kolon yo ki te konsidere tè a ak tout sa

k sou li (byen, bèt ak moun) tankou byen pa yo. Apre endepandans la, sete lakou ki te vin nouvo fòm pou moun yo òganize vi sosyal yo. Pi bèl tè yo tonbe nan men ansyen jeneral yo ak pitit kolon yo. Lit pou tè a, pou jwenn yon kote pou chita vin yon mak fabrik lavi rural la.

Leta a, ki dwe regle epi òganize lavi sitwayen yo ansanm, pa jwe wòl li kòm sadwa nan zafè tè sila a. Pa gen kadas. Tè yo pa rejistre. Tout bagay dwe regle ak sa yo rele manman pyès yo. Anpil fanmi pa t pataje tè yo yon fason korèk. Apre kèk jenerasyon moun pa konnen ki sa ki pou ki moun. Peyi a vin peple anpil, epi tè a rete sèl resous pou anpil moun. Konsa, konfli pou tè, se pa pale. Anpil konfli, se pwoblèm anndan yon menm fanmi yo ye.

Anpil konfli nan peyi a, se konfli tè. Anpil medyasyon ak konsilyasyon k ap fèt anndan komisyon nou yo, se pwoblèm tè yo regle. Epoutan, pa genyen yon travay sistematik sou kesyon agrè a k ap fèt anndan komisyon yo oswa nan Komisyon nasyonal la.

Konfli pou tè, depi otorite Leta yo pa mele ladan yon fason dirèk, pa antre nan kategori dwa moun. Se konfli sivil yo ye, sa vle di konfli ant sitwayen ak sitwayen.

*Eske anndan Jilap, nou byen poze kesyon pwoblèm tè a? Eske nan travay bati lapè n ap fè a, Jilap bezwen genyen yon chapit ki pi byen chita sou zafè koze tè a? Men yon kesyon ki devan Kongrè a.*

### **Rekonsilyasyon ak jistis nan sosyete a**

Travay pou lapè se yon pwosesis ki dwe mare ansanm ak chak moman n ap viv ladan an. Lapè vle di rekonsilyasyon nan kominote a. Nou kwè jistis enpòtan, paske pa genyen rekonsilyasyon vre si pa gen jistis. Men, si rekonsilyasyon an se yon pwosesis, èske nou pa dwe gade jistis la tou tankou yon pwosesis?

Reyalize jistis nan sosyete se pa sèlman fè bon lwa, epi respekte lalwa, menm si lalwa enpòtan pou lavi nan yon peyi vin posibil. Yon leta dedwa, se kote tout moun konnen yo anba menm lalwa, epi yo respekte l.

Rekonsilyasyon ak lapè anvan tout lòt bagay, se travay pou genyen relasyon kòrèk nan mitan moun yo nan sosyete a. Sa vle di: pa gen moun sou kote. Youn pa fè dappiyanp sou lòt. Tout moun konte. Eske se pa li k objektif jistis ak sa k kòrèk la?

Jistis genyen anpil sans diferan, ki yo chak genyen awè ak rekonsilyasyon ak lapè a.

- Genyen jistis legal, lè tout bagay fèt selon sa lalwa mande.
- Genyen jistis nan antant yo, lè youn respekte angajman li pran anvè lòt.
- Genyen jistis nan fason richès peyi a separe pou tout moun kab viv.
- Genyen jistis sosyal lè genyen respè dwa moun ak lè tout moun kab patisipe nan lavi sosyete a.

Ki kalite jistis ki garanti rekonsilyasyon anndan sosyete a? Ki wòl Jilap vle jwe pou genyen jistis nan sosyete a ak pou genyen rekonsilyasyon? Ki sa Jilap kapab fè? Ki aktivite pou l mennen?

Tout se yon kesyon kongrè a dwe poze tèt li nan moman n ap viv la.

*Yon atelye ap travay sou kesyon rekonsilyasyon nan peyi a. Yo kapab pran yon ti dokiman Gwoup Rechèch ak Refleksyon ki mete deyò pou tanmen refleksyon an.*

### **Ki sa ki yon Komisyon pawasyal?**

Pi gwo travay Kongrè a ap fè, se etidye kesyon komisyon pawasyal yo. Paske tout travay k ap fèt nan Jilap, se nan sèvis komisyon pawasyal yo. Plis toujou : se komisyon pawasyal yo ki baz dinamik tout Komisyon an.

*Men, ki sa nou kapab rele yon komisyon pawasyal? Se yon gwo kesyon ki devan Kongrè a. Ansanm, nan atelye, tout patisipan yo nan Kongrè a ap poze tèt yo kesyon sila a: ki lè yon komisyon pawasyal kapab di: li se yon Komisyon Jistis ak Lapè tout bon?*

### **Pwofil yon komite pawasyal**

Konbyen manm yon Komisyon dwe genyen pou pi piti ?	
Chak konbyen tan pou pi piti li dwe reyini?	
Ki fòmasyon pou l te swiv?	
Ki relasyon li dwe genyen ak pawas la?	
Ki kalite obsèvasyon li dwe fè? <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gadavi?</li> <li>• Vyolans?</li> <li>• Dwa moun?</li> <li>• Lòt?</li> </ul>	
Ki sa l dwe denonse? <ul style="list-style-type: none"> <li>• Ki enjistis ?</li> <li>• Ki vyolasyon dwa moun ?</li> </ul>	
Lòt pwèn ...	

## Deklarasyon Jilap nan peyi a

Bilten an fè sonje divès deklarasyon Jilap te fè depi mwa jiyè 2006 rive mwa sektanm 2006.

*Pour la mémoire, dans cette rubrique nous mentionnons les interventions publiques de Jilap depuis juillet 2005 à septembre 2006. Le texte intégral de ces interventions se trouve sur le web : [www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap).*

### Jilap nasyonal

**Lèt tou louvri pou Direksyon jeneral PNH, 18 avril 2006.** Komisyon an denonse yon zak vyolasyon dwa moun grav ki te rive nan Pòtay Leyogàn : « Samdi 8 avril 2006 bò 2 :00 PM, nan Pòtay Leyogàn, te genyen yon jèn gason lapolis te tire ak 3 bal, 2 nan kwis ak youn nan senti. Li te atè a, men li pa t ko mouri. Lapolis te sou plas, kote jèn gason sa a te pase 3 zè tan atè a, san yo pa t vin leve l. Tout moun te kanpe la ap gade jèn gason sa a ki pa t mouri k ap soufri ak plizyè bal nan kò l, k ap tann lanmò. Lè m te pase la nan aswè, yo di m mesye a te mouri la sou plas, san anyen pa t fèt pou li. »

### **Nòt pou laprès nan lokazyon jounen entènasyonal prizonye yo, 30 oktòb 2006**

Nan lokazyon Jounen Mondyal Prizonye yo te selebre nan dat 25 oktòb 2006, Komisyon Jistis ak Lapè a te reponn envitasyon Direksyon Administrasyon Penitansye a (DAP), pou òganize kèk jounen fòmasyon pou moun nan detansyon nan pi gwo sant detansyon nan peyi a ki se Penitansye Nasyonal la. Tèm fòmasyon an se te : *Dwa ak devwa moun ki nan detansyon*. Nou te brase plizyè lide ansanm ak detni yo, tankou : diyite chak moun genyen, nenpòt nan ki kondisyon l ap viv, nenpòt ki zak li te kab komèt nan vi l ; relasyon ki dwe genyen ant detni an ak avoka a ; relasyon ki dwe genyen ant detni an ak jij la ; relasyon ki dwe genyen ant detni an ak moun k ap travay anndan prizon an. Plis pase 200 detni te patisipe pou piti nan yon jounen fòmasyon ak refleksyon sou tèm sila yo. Fòmasyon an te pran fen jou ki vandredi 27 oktòb 2006. *Nou kapab li rès nòt sa a nan chapit dokiman nan Bilten sa a.*

*A l'occasion de la Journée internationale des Prisonniers, qui a été célébrée le 25 octobre 2006, la Commission Nationale Justice et Paix a répondu à l'invitation de la Direction de*

*l'Administration Pénitentiaire (DAP) pour organiser quelques journées de formation pour les détenus au plus grand centre de détention dans le pays, qui est le Pénitencier national. La formation se déroulait autour des droits et devoirs des détenus. Nous avons échangés avec les détenus sur des thèmes comme : la dignité inviolable de la personne humaine, n'importe ses conditions de vie ou les actes qu'elle a pu commettre ; les relations qui doivent exister entre le détenu et son avocat, entre le détenu et son juge, entre le détenu et le personnel pénitentier. Plus de 200 détenus ont participé à au moins une journée de formation et de réflexion sur ces thèmes. (Voir la rubrique **documents** pour la suite de la note).*

**GRR, Gwoup Rechèch ak Refleksyon** pibliye 2 etid sa yo :

**Eleksyon 7 fevriye 2006 yo, yon leson ak yon defi pou konstwi demokrasi nan peyi a.** Me 2006. Les élections du 7 février 2006 : une leçon et un défi pour la construction démocratique du pays. Mai 2006.

**Ki kalte rekonsilyasyon ki ka donner Lapè ?** Novanm 2006. Quelle réconciliation qui peut garantir la Paix en Haïti ? Novembre 2006.

Komisyon nasyonal la te pran plizyè pozisyon nan kad eleksyon yo

**Nòt pou laprès, 27 jiyè 2006**, sou zafè eleksyon nan seksyon kominal yo.

Komisyon Jistis ak Lapè mande pou yo pa bliye si eleksyon lokal yo dwe fèt. Komisyon an esprime preyoqipasyon l pou pakèt kòb eleksyon yo koute. Eske peyi a ap kapab asire eleksyon demokratik pi devan, si chak fwa sa ap koute tout lajan sa a ? Konsa, Komisyon an panse y ap kapab fè apèl pi plis a santiman chak sitwayen dwe genyen pou peyi l, epi y ap blije kreye yon kad legal pou sa kab fèt. Pou fini, Komisyon an bay KEP la yon seri rekòmmandasyon pou fè pi bon preparasyon eleksyon lokal yo.

Jilap Pòtoprens

**Mesaj 12<sup>zyèm</sup> Asanble Jeneral Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, ki te fèt Kafòj, Lilavwa, sòti 6 pou rive 10 septanm 2006:** Tèm mesaj la: «*Travay pou jistis ak lapè se reskonsablite chak sitwayen.*» Patisipan yo te analize divès kalite pwoblèm k ap ravaje sosyete a sou plan sosyal, ekonomik ak politik. Men ki sa yo wè:

- Yon bann moun ap kwoupi nan prizon san jijman, timoun twouve yo nan menm selil ak granmoun.
- Ensekirite espesyalman nan kapital la pa sispann simen dèy nan mitan popilasyon an.



- Yon bann moun ap mouri grangou nan yon pakèt zòn.
- Lekòl, inivèsite ak sant pwofesyonèl ap pouse tankou djondjon nan nenpòt kondisyon.
- Tèt mòn yo fin debwaze, kay ap bati nenpòt kijan, nenpòt ki kote se fatra.
- Tout moun te panse bagay yo ta pral chanje avèk eleksyon yo. Swè sa a pokò tounen yon reyalyte.

Komisyon Jistis ak Lapè Pòtoprens ap mande :

- 1- Pou nouvo dirijan yo ede popilasyon an fòme tèt li.
- 2- Pou leta a rezoud pwoblèm ensekirite a, blakawout, lavichè, debwazman. Se pou l mete yon bout nan fenomèn enpinite a, fè bonjan dezameman ak fè lajistis fè travay li kòm sadwa.
- 3- Ankouraje politik desantralizasyon an.
- 4- Pou yo òganize rès eleksyon yo.
- 5- Yo dwe fè limyè sou sitiyasyon ak grèv Malpas la (Fonparizyen), pou popilasyon zòn sa a pa viktim move konsekans grèv la ak move pratik lapolis.

Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens ap mande chak sitwayen (èn) pran reskonsablite yo nan potekole pou tabli yon klima lapè, defann sila yo sosyete a mete sou kote yo, akonpanye popilasyon ayisyen an nan batay l ap mennen pou respè diyite ak dwa li yo.

**Chak de (2) mwa, Jilap nan achidyosèz la te pibliye rapò sou zak vyolans nan zòn metwopoliten an. Jou ki 29 jen, nan yon jounen refleksyon sou vyolans la, Komisyon an te fè bilan 4 lane obsèvasyon an (rapò # 19). Pandan 4 lane sa yo, pou pi piti 2506 sitwayen, granmoun ak timoun, gason kou fi, pèdi vi yo nan divès zak vyolans nan zòn kapital peyi a. Pi fò nan yo mouri anba bal. Sa fè n wè prezans ti zam yo nan peyi a se yon danje toutbon ki fè pa kab genyen lapè nan mitan sitwayen yo.**

**Men kèk konsiderasyon sou vyolans ki fèt nan rapò # 20, oktòb 2006:**

Konfli nan sosyete a kapab genyen divès kòz : ekonomik (lè bezwen fondamantal ekonomik yo pa jwenn satisfaksyon), sosyal (tankou majinalizasyon, mete moun sou kote, gwo distans ant rich ak pòv). Divès sitiyasyon sa yo, se deja sitiyasyon vyolans yo ye. Pi souvan moun bliye pale de yo, tèlman moun abitye viv nan mitan tout kalte enjistis. Se kòm si tout reyalyte sa yo pa di anyen. Lè moun pa gen kote pou dòmi, lè timoun mouri anvan lè poutèt mank swen lasante

oswa manje ki pa t gen nan fanmi an, lè moun pa jwenn travay pou òganize vi yo, tout sa se vyolans. Lòt kòz vyolans kapab politik la : dezakò ak tèl ou tèl chwa politik k ap fèt ; oswa pa fè konfyans ak opinyon politik lòt gwoup sosyal. Gen vyolans tou ki genyen aktivite kriminel kòm kòz dirèk : tankou trafik dwòg.

Men, nenpòt kòz nou kapab bay pou divès fòm vyolans la kapab pran, se toujou moun k ap fè l. Se moun ki chwazi sèvi ak li pou defann yon enterè ou menm pou korije yon sitiyasyon li ta jije ki pa kòrèk. Konsa, se moun ki reskonsab vyolans moun ap fè moun sibi. Men tou, se moun ki refize aji pou korije sitiyasyon ki dwe korije, epi ki chwazi pou vyolans sosyal ak ekonomik ale pi devan. Yon bon òganizasyon Leta mande pou genyen mekanis jistis ak jistis sosyal ki pèmèt moun regle konfli yo epi korije sitiyasyon vyolans ki genyen, san lòt vyolans pa mete pye. Li mande pou Leta kapab konbat vyolans k ap fèt. Refize sèvi ak zouti legal oswa sosyal yo pou regle konfli yo, se aji yon fason ki pa alawotè diyite moun. Nou pa dwe jistifye vyolans moun ap fè sou moun : kit se nan domèn ekonomik, sosyal oswa politik, kit se nenpòt lòt fòm vyolans la kapab pran.

[Dans la lutte contre la violence,] D'abord, il s'agit d'enlever toute justification à la violence entre les humains. On peut indiquer des motifs économiques de la violence (quand les besoins fondamentaux restent insatisfaits), ou sociaux (l'exclusion, la marginalisation, la frustration, l'écart entre riches et pauvres). Ces situations constituent déjà des situations de violence qui tuent. Trop souvent on oublie d'en parler, tellement on est habitué à vivre au milieu de ces situations injustes, on devient insensibles à ces réalités. Quand des familles ne disposent pas d'un logement, quand des enfants meurent sans soins médicaux ou par la faim, quand il manque de travail pour s'organiser, il faut parler de situations de violence. Une autre cause de la violence peut venir de la politique (le désaccord avec certains choix ou la méfiance dans le projet politique des autres groupes sociaux). Il y a de la violence à objectif criminel direct, comme la violence liée au trafic de la drogue.

Mais, n'importe la cause de la violence qu'on puisse invoquer, toute violence est toujours un acte humain ou le résultat de décisions humaines. Ce sont des êtres humains qui choisissent de s'en servir pour défendre des intérêts où même pour corriger une situation qu'ils jugent injuste. Ainsi, ce sont des êtres humains qui sont responsables de la violence subie par d'autres. Ce sont des êtres humains qui refusent de corriger des situations qui demandent de l'être et qui optent pour la continuation de la violence sociale ou économique. Une bonne organisation de l'Etat requiert des mécanismes efficaces de justice et de justice sociale qui permettent aux humains de régler leurs différends, conflits et situations injustes sans qu'il y ait de nouvelle violence. Refuser les moyens légaux et sociaux pour gérer les conflits est contraire à la dignité de la personne humaine. Il faut refuser toute forme de violence de l'homme sur l'homme, dans aucun domaine, économique, social ou politique, n'importe la forme que la violence puisse prendre.

## Jilap Okay

**Nòt pou laprès, 18 septanm 2006.** Komisyon an esprime endiyasyon l devan sakrilèj ki souye legliz Sakre Kè Okay la. Komisyon an ankouraje tout moun pou chèche sèvi ak lòt mwayen pou rezoud pwoblèm ki konn genyen yo. Li ankouraje tout moun pou respekte valè moral ak enstitisyon yo.

**Nòt pou laprès, 9 oktòb 2006.** Komisyon an ankouraje popilasyon kontinye patisipe nan eleksyon yo. Li mande otorite yo jous kilè delimitasyon zòn yo ap fèt? Ki lè moun ki pa t pran kat ap kapab pran l? Ki kote biwo vòt yo ap ye? Komisyon an ankouraje moun vote "nan tout libète l, san li pa vann konsyans li".

**Nòt pou laprès, 11 oktòb 2006.** Komisyon an mande otorite yo pou pa kenbe moun nan prizon san nesesite nan ka ankèt y ap mennen sou zafè dife nan legliz sakre Kè a.

## JILAP te patisipe

### *Panamá*

#### *Depatman Dwa Moun - CELAM*

20 rive 24 jen 2006, nan peyi Panama, te genyen yon reyinyon pou reflechi sou rankont Evèk Amerik Latin yo ap fè sou misyon Legliz la nan Kontinan an nan mwa me k ap vini si Dye vle, lè yon delegasyon sòti nan chak Konferans Evèk yo ap reyini nan peyi Brezil. Moun ki te la yo t ap sòti nan divès peyi, tankou : Repiblik Dominikèn, Mèksik, Ondiras, El Salvadò, Gwatemala, Venezwela ak Ayiti. Pè Jan te patisipe nan rankont la.

Men sou ki tèm Konferans Evèk yo nan mwa me a ap reflechi :

### **DISIP AK MISYONE JEZIKRI POU PEP NOU YO GENYEN LAVI NAN LIMENM**

Tèm sila a sòti nan Jan 14, 6 :

*Se mwen ki Chemen an, ki Laverite a, ki Lavi a.*

Rankont Panama a t ap etidye **ki jan koze dwa moun nan parèt nan dokiman pou prepare konferans la**. Konsa rankont la te genyen twa pati ladan l :

1. Patisipan yo te gade dokiman an, epi yo te gade ki jan zafè Dwa moun nan parèt ladan li. Yo te fè plizyè pwopozisyon pou tèm nan parèt pi klè, paske yo pa pale anpil sou zafè dwa moun nan tèks la.

Men ki sa n te wè nan dokiman an. Dokiman an pa kòmanse ak yon analiz reyalite moun Amerik latin yo ap viv yo, jan sa te fèt nan gwo konferans yo tankou nan vil Pwebla. Okontrè, nan kòmansman an yo di : men ki sa moun nan anvi reyalize nan vi l : yon moun ap chèche kè kontan, renmen, sali... Tou bagay sa yo jwenn yon

repons nan Jezi Kri. Se sèlman nan chapit 5, dokiman an n ap gade nan ki kondisyon konkrè moun Amerik Latin yo blije viv. Yon fason kòrèk dokiman an di : nou pa viv nan yon tan ki genyen anpil chanjman ladan l, men yon tan tounèf n ap viv. Se yon lòt epòk tounèf n ap viv nan listwa moun sou tè a. An jeneral, dokiman an pa pale anpil sou koze dwa moun nan.

2. Patisipan yo te etidye tou kesyon Dwa sosyal ak ekonomik yo. Ki jan nou kapab konbat lamizè ak eksklizyon gras ak yon travay pwomosyon dwa sosyal ak ekonomik yo ? Patisipan yo te gade ki jan koze dwa sa yo ye nan divès peyi yo kote yo sòti.
3. Nan twazyèm jou a, patisipan yo t ap gade ki jan pou defann dwa sosyal ak ekonomik yo. Eske ou kapab defann dwa sa yo devan lajistis ?

Dwa moun, se yon kesyon ki dwe mele nan tout bagay. Respè pou diyite moun genyen se yon travay tout moun dwe fè nan ledikasyon l ap bay, nan preche levanjil la, lè l ap bay swen lasante, nan kreye travay, nan lite pou yon ekonomi ki fèt pou moun. Konsa dwa moun se travay tout moun. Anpil moun bliye l, epi yo kite batay dwa moun nan pou kèk moun espesyalis sèlman.

An menm tan gen yon travay ki dwe fèt pou asire lit dwa moun nan pa febli. Gen travay refòm lajistis, dwe genyen lwa (règ jwèt) yo dwe mete sou pye pou asire tout moun respekte dwa tout moun. Tanzantan yo dwe fè kanpay anfavè tèl ou tèl dwa chak moun genyen. Gras ak aktivite sa yo pèsòn moun pa ka di li pa konnen. Aktivite sa yo pèmèt tout moun sonje : batay dwa moun se pou tout moun pran angajman ladan l.

JH

## ***Kosta Rika*** ***Sesyon Enstiti Entèameriken Dwa Moun***

Chérubin Tragélus te patisipe nan 24triyèm sesyon fòmasyon sou dwa moun ak edikasyon nan Kosta Rika sòti 28 out rive 9 sekatanm 2006. L ap pataje ak nou eksperyans li. Men kòman sa te pase.

Chak lane, Enstiti Entènasyonal Dwa Moun (nan lang franse IIDH), ki se yon enstiti endepandan OEA mete sou pye, toujou òganize yon sesyon fòmasyon sou Dwa moun ak Edikasyon. Divès peyi nan Amerik Latin nan toujou patisipe nan aktivite sila a pou panche ak reflechi sou pwoblèm dwa moun ak edikasyon nan rejyon an. Ayiti pa souvan patisipe nan aktivite sila a poutèt baryè lang lan ki se espayòl.

Komite òganizatè a te poze kòm kondisyon pou patisipasyon chak moun, mennen yon ankèt sou kòman yo anseye dwa moun nan sistèm edikasyon chak peyi ak nan ki nivo yo anseye dwa moun nan lekòl yo epi fè kèk rekòmandasyon.

IIDH te pran kèk rezolisyon. Konsa li te mande pou tout peyi nan rejyon an tabli yon pwogram kote yo entegre dwa moun anndan sistèm ansèyman yo, depi nan klas primè rive nan inivèsite. Sa te dwe fèt anvan lane 2005. Ayiti pa fè twòp jefò nan sans sa a selon yon ankèt yo te mennen. Se sèlman nan klas 6yèm ak 5yèm, epi nan elemantè 1 ak 2 yo anseye « *J'aime Haïti* ».

Kilti vyolans ki genyen nan rejyon an ak nan peyi d Ayiti montre nesite ki genyen pou anseye dwa moun depi alabaz, sa vle di nan fanmi ak nan tout nivo nan lekòl yo.

Ak rezilta yo ki soti nan sesyon sila a, IIDH nan tèt ansanm ak OEA pral pran lòt rezolisyon ankò epi fè rekòmandasyon ak peyi nan rejyon an tankou Ayiti pou mete nan pwogram edikasyon an, ansèyman dwa moun nan lekòl yo depi alabaz. Leta ayisyen, Palman ayisyen an menm dwe fè yon jefò pou vote yon lwa pou fè

ansèyman dwa moun nan tout nivo nan lekòl yo tounen yon reyalite lè n konsidere vyolasyon dwa moun k ap fèt nan tout nivo nan sosyete a. Nou dwe travay pou nou met peyi nou sou yon baz ki chita sou respè dwa ak diyite moun.

Se te yon moman tou pou n te gen plis konesans sou fonksyònman Komisyon Entèamerikèn Dwa Moun ak Lakou Entèamerikèn Dwa Moun, ki se yon tribinal ki panche oswa rann desizyon sou ka vyolasyon dwa moun nan rejyon an.

Chérubin te souleve ka Fleury Lysias, lapolis te maspinen. Ka li devan Komisyon an depi 6 lane deja. Kèk reskonsab te reponn pou di Komisyon an plis politik, li pa gen yon lame pou mete desizyon l yo annaplikasyon epi syèj Komisyon an se nan peyi Etazini li ye. Yon temwen pa fasil jwenn viza pou l al temwanye devan Komisyon an. Kidonk, se pi gwo andikap ki fè anpil dosye ap trennen.

*Chérubin Tragélus*

*Pari*  
*Peyi Lafrans*

### **Patisipasyon Jilap nan dezyèm Salon Entènasyonal Inisyativ pou Lapè**

Nan dat 2, 3 ak 4 jen 2006, Jilap te patisipe nan dezyèm Salon Entènasyonal Inisyativ pou Lapè ki fèt nan vil Pari, peyi Lafrans.

#### **Ki sa aktivite sila a ye?**

Salon sila a òganize nan kad desizyon Nasyonzini te pran pou pwoklame peryòd 2001 – 2010 la peryòd pou fè pwomosyon yon kilti Lapè ak non vyolans anfavè timoun toupatou sou latè. Se yon platfòm ògnizasyon nan peyi Lafrans anba banyè *Oganizasyon Nasyonzini pou Edikasyon ak Lakilti* (nan lang franse UNESCO) ki te reyalize aktivite a.

Dezyèm salon sila a, se te okazyon pou aktè ak aktris Lapè toupatou sou latè rankontre pou yo pataje konviksyon, rèv ak aktivite y ap mennen. Se plis pase 200 òganizasyon ki sòti nan tout kontinan yo ki te vin pataje eksperyans yo. Jilap, ki se patnè *Komite katolik k ap batay kont grangou ak pou devlopman pèp yo* (nan lang franse CCFD), se sèl òganizasyon ki te sòti nan peyi d Ayiti.

#### **Ki sa ki te patisipasyon Jilap?**

Jilap te patisipe nan animasyon yon atelye sou tèm: *Demokratizasyon, yon pwosesis ki ka pote Lapè an Ayiti*. Reprezantan Jilap la te fè sou tèm sa a yon prezantasyon ki ranmase 3 gwo pwen:

Premye pwen: **Mak fabrik ak rasin vyolans la nan peyi d Ayiti.**

Sou pwen sila a, nou esplike Ayiti se yon peyi kote rapò sosyal yo chita sou lavyolans. Konsa, depi anviwon 200 lane gen yon sityasyon vyolans ekonomik, politik ak kiltirèl ki blayi nan peyi a.



Jounen jodi a, se plis vyolans gwoup ame yo ki fè aktyalite. Se plis ensekirite ki kenbe atansyon. Men nou dwe chèche konprann fenomèn vyolans nan tout dimansyon l: dabò parapò ak chapant sosyete nou an, epitou an rapò ak diferan kriz politik peyi a konnen depi 1986.

Dezyèm gwo pwen: **Misyon Lapè Nasyonzini yo ak reyalite vyolans la ann Ayiti.**

Sòti 1994 rive 2006, genyen 6 misyon Lapè Nasyonzini ki pase nan peyi a. Men sa pa anpeche kriz k ap brase bil peyi a kontinye angrave, epi vyolans ak ensekirite ap pran plis fòs chak jou ki pase. Jounen jodia, gen plizyè katye nan Pòtoprens ki chape anba kontwòl Leta. Misyon Nasyonzini ki sou teren an (nan lang franse MINUSTAH) pa sanble gen volonte ak kapasite pou ede konbat zak vyolans gwoup ame ak bandi.

An reyalite, sanble se onivo nasyonal pou nou chèche table konsansis epi jwenn mwayen k ap pèmèt nou lite kont tout fòm vyolans ak ensekirite ki blayi nan peyi a.

Twazyèm gwo pwen: **Pi gwo defi sou chimen demokratizasyon an.**

Yon premye defi ki pou leve konsènen sityasyon konfizyon politik ak sosyal ki layite kò l nan sosyete nou an. Fòk gen inisyativ ki pran pou aktè sosyal reyèl yo kapab retounen genyen lavwa ochapit. Aktè sila yo se mouvman peyizan yo, ouvriye, fanm, jèn ...

Yon lòt defi, se ijans ki genyen pou konbat pwoblèm mizè ak majinalizasyon nan peyi a. Fòk tout pitit peyi a kapab jwenn yon minimòm pou yo viv ak devlope tèt yo.

Yon twazyèm gwo defi, se pou peyi a pran wout ki ka fè l tounen pran dwa granmoun li. Nan sans sa a, pwoblèm sekirite piblik nan peyi a dwe rantre nan yon kalandriye nasyonal kote Leta ak sosyete sivil la jwenn yon antant sou pi bon chwa ki dwe fèt.

Anfen, demokratizasyon k ap mennen nou nan Lapè a, se yon pwosesis global pou l ye. Fòk se yon demokratizasyon ki brase tout reyalite politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl an menm tan.

*Chenè Jan Batis*

**PIDHDD****Platfòm Entèameriken Dwa Moun, Demokrasi ak Devlopman**

Pandan twa jou, 1 rive 3 novanm 2006, Chapit lokal PIDHDD te òganize yon seminè 3 jou pou reflechi sou dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl chak moun genyen.

Patisipan yo te reflechi sou sa dwa moun vle di, ak sou divès kategori dwa moun ki genyen. Yo te etidye divès zouti ki genyen nan Nasyonzini ak nan Oganizasyon Eta Ameriken, pou rive konprann yo pi byen. Yo te gade tou ki jan yo respekte dwa sila yo nan peyi d Ayiti.

PIDHDD genyen yon komite kòdinasyon pwovizwa nan peyi a ki konpoze ak yon manm Jilap, Unnoh ak Crad. Objektif Platfòm nan se ranfòse kanpay òganizasyon yo anndan divès peyi Amerik Latin yo ap mennen pou yo vin pi efikas gras ak koneksyon yo rive jwenn ak lòt rezo. Platfòm nan ap travay sitou sou dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl yo.

## **Detansyon pwolonje**

Nan lokazyon Jounen Entènasyonal Prizonye, Direksyon Penitensye Nasyonal la, ki se pi gwo lye detansyon nan peyi a, te envite Komisyon Jistis ak Lapè a pou òganize 4 jou fòmasyon sou dwa ak devwa moun ki nan detansyon. Chak jou 50 detni te patisipe nan fòmasyon an. An total, plis pase 200 detni te patisipe nan fòmasyon an.

Men sou ki sa yo te reflechi : Diyite, dwa ak devwa chak moun genyen ; Ki relasyon ki dwe genyen ant detni an ak avoka a ; Ki relasyon ki dwe genyen ant detni an ak jij la ; Ki rapò ki dwe genyen ant detni an ak moun k ap travay nan prizon an.

Nan vandredi yo te òganize yon ti fèt pou detni yo, kote yo te bay temwayaj yo sou fòmasyon an. Pwezi nou kapab li a, se youn nan detni yo ki te fè l epi ki te prezante l nan lokazyon sila a. Se yon mesaj li voye bay ni sa k nan prizon yo ni sa k deyò yo tou. Otè a te bay otorizasyon li pou pibliye tèks la : *Detansyon pwolonje*.

Jilap te pibliye yon nòt pou laprès apre fòmasyon sa a.

A l'occasion de la Journée Internationale des Prisonniers, sur invitation de la Direction du Pénitencier National qui est le plus grand lieu de détention dans le pays, la Commission Justice et Paix a organisé 4 jours de formation, chaque fois pour 50 détenus. En total 200 détenus ont participé à la formation.

Voici les thèmes débattus : La dignité, les droits et devoirs de la personne humaine ; les relations du détenu avec l'avocat ; les relations du détenu avec le juge ; les relations avec le personnel carcéral.

Le vendredi, une séance de clôture a été organisée où plusieurs détenus ont pris la parole. Le poème que nous reproduisons avec l'autorisation de l'auteur, a été présenté par un des détenus à ce moment. C'est un message pour les détenus, mais surtout pour ceux qui

l'écouteront hors de la prison. *Détention prolongée*. La Commission a publié une note de presse après la formation.

Pitye, pitye pou moun ki nan prizon yo  
Padone sila ki koupab yo  
Jistis pou inosan yo. (bis)

Nan zafè detansyon pwolonje  
Fè ti nèg vin pi danje  
Paske jij pa janm rele yo pou yo jije  
Pou sa ki inosan kapab libere  
E sa ki koupab kapab kondane.  
Nou wè tout sa k pa bon deranje  
Tankou vye manje, vye dlo ak vye kote pou nou loje  
De twa jou nou anfle  
Voye n nan dispansè kote nou pa ka trete.  
Lamò mete pye, tèlman yo mal trete n  
Mete kadav nou sou yon pil sab jiskaske solèy kouche  
Po n pete dekalè paske nou se yon kadav gate  
Nan Titanyen yo voye n jete malgre paran n reklame n.

Nou mande jistis  
Nou mande pitye wi  
Nou mande libète ho, wowo. (bis)

Ou di n gade ou nan je  
Ou ap gade n nan je  
Eske n ka rete san bouje  
Pou Ayiti kapab chanje.  
Lè ou parèt nan geto yo ou tire  
Se pa ban n baton, souflèt ak tire n ki pou chanje n  
Se mete edikasyon ak bon jan metye

Pou n ka genyen yon nouvo sosyete prepare.  
Tanpri Apena ak prizonye, an n met rankin de kote  
Pou penitansye ka jwenn yon lòt fyète l merite.

Nou mande jistis  
Nou mande pitye wi  
Nou mande libète ho, wowo. (bis)

Chak prezidan ki monte  
Se menmman parèyman  
Yo pa janm pote chanjman  
Deviz yo se fè lajan sèlman.  
Nou vle bon jan trètman ak bon jan ankadreman  
Demen pou n pa bay dezagreman  
Pou n pa chanje koulè tankou agranman  
Pou n ka fè yon vrè dezameman  
Nan yon peyi ki swaf lapè, jistis ak bon jan devlopman.

*Antoine Jean Noel*

### Nòt pou laprès nan lokazyon Jounen Entènasyonal Prizonye yo

[...] Komisyon an konplimante DAP ak Direksyon Penitansye Nasyonal la pou inisyativ [fòmasyon] sila a. Pandan 5 jou fòmasyon sa yo, nou pi byen konprann anvi detni yo genyen pou moun koute yo, pou yo kab esprime lide ak fristrasyon yo. Komisyon an konplimante tout detni nan Penitansye nasyonal la ki te patisipe nan jounen sa yo, ki te bay lide yo, ki te koute nou tou, epi ki te pèmèt nou te reflechi ansanm sou kondisyon lavi moun nan detansyon.

Komisyon an te konstate epi li tande divès pwoblèm moun nan detansyon yo ap viv, epi ki pa alawotè diyite yo kòm moun. Divès move kondisyon lavi tankou manje, dòmi, dlo, el. se youn ; twòp moun ki dwe viv nan ti espas sila a ki se Penitansye nasyonal la se yon lòt ; detansyon prevantif pwolonje a se yon lòt toujou. Men genyen lòt maswife detni yo ap pran toujou. Ki jan yon moun dwe viv nan prizon pandan plizyè mwa, e menm plizyè lane, san okenn jij pa rele l pou kontinye fè ankèt sou ka l, san okenn enstans jidisyè pa jije l ou montre l enterese nan kondisyon l ap viv la ? Arete yon sitwayen epi limite libète li nan kad yon lye detansyon, se deja yon gwo bagay ki pa dwe fèt konsa konsa. Jij yo dwe byen konprann sa. Avoka yo tou dwe rann yo kont se ak moun yo annafè. Libète yon moun pa kab yon machandiz moun ap machande swa twoke tankou nenpòt vye bagay.

Apa tout enjistis Leta a, jij yo ak avoka yo ap fè moun nan detansyon sibi, apa tout kondisyon ki pa koresponn ak diyite yo kòm moun detni yo ap viv, pi gwo fristrasyon ak soufrans se santiman sistèm jidisyè a, Leta a, tout sosyete a, e menm pafwa fanmi yo bliye yo.

Moun ki la yo, sòf kèk eksepsyon, pa dwe rete tout rèz vi yo nan prizon. Dayè, Penitansye nasyonal la pa fèt pou sa. Nou te konstate e nou te tande l : Penitansye Nasyonal la se pa yon kote k ap prepare moun pou yo retounen anndan sosyete a tout bon. Kondisyon detansyon yo pito fè moun egri e revòlte pase li prepare yo pou yo tounen anndan sosyete a ak yon seri nouvo konesans, yon ti metye yo te aprann, oswa yon bon desizyon pou travay pou amelyore peyi a.

Epoutan, ak tout movèz nòt sa yo, nou te tande jan anpil detni ap fè rèv pou peyi a vin anfòm, pou tout pitit peyi a kapab viv ladan l, pou gen ledikasyon ak devlopman, pou gen lapè ak rekonsilyasyon pami tout pitit peyi a.

Pou nou menm nan Komisyon Jistis ak Lapè a, sa fè n konprann genyen anpil bon volonte ak anpil fòs ki vle chanjman tout kote. Ak tout sa, Komisyon an pa vle preche enpinite, okontrè, li toujou ap montre : tout moun k ap fè vyolans sou lòt, oswa k ap vyole dwa lòt fèt pou pran responsablite pou zak yo fè yo. Sa tou, se yon gwo egzijans diyite nou kòm moun mete devan n.

Nou ankouraje DAP la ak Direksyon Penitansye Nasyonal la pou yo kontinye antre pi fon nan chimen fòmasyon, kreye yon klima antant nan mitan prizonnye yo. Komisyon an ankouraje detni yo kontinye ap fè bon pwojè pou peyi a, lè tout pitit li yo rive antann epi chwazi bon chimen pou reyalize l, san youn pa detwi lot, san youn pa elimine lòt.

Bò kote pa l, Komisyon an pran angajman pou bay travay vizit prizon ak asistans jidisyè detni yo yon pi gwo plas pami aktivite l yo pou defann dwa dènne kretyen vivan nan peyi a.

30 oktòb 2006

## Batay pou dwa moun toupatou sou latè

### **Plas medam yo piti anpil nan nouvo Gouvènman an**

An Ayiti genyen plis fanm pase gason: genyen 2.302.875 fanm pou 2.145.890 gason. Sa vle di fanm yo pi plis. Men lè n gade nouvo Gouvènman an, konbyen fanm ki antre ladan l ?

Genyen 2 sèl fanm ki minis, pami 18 minis ki genyen yo. Epi, tout 5 sekretè d Eta yo se gason yo ye. Men non 2 fanm sa yo : Marie Laurence Jocelyn Lassègue ki Minis Kondisyon ak Dwa Fanm, epi Maguy Durcé ki Minis Kòmès ak Endistri. Pami 13 direktè jeneral yo, lè yo te mete Gouvènman an sou pye, pa t genyen yon sèl fanm ; te gen yon sèl delege Ministè Kondisyon Fanm anndan Komisyon pou Dezameman an, men li te bay demisyon l depi lè sa a.

Anndan palman an genyen 4 fanm pou 26 senatè ki genyen ; epi genyen 2 fanm pou 84 depite ki genyen. (Nan kèk zòn eleksyon pokò fini nèt). Men non 4 fanm senatè yo : Huguette Lamour, depatman Nip ; Edmonde Supplice Beauzile, depatman Sant; Céméphise Gilles, depatman Nò ; Evelyne Chéron, depatman Wès. Genyen 26 senatè nan peyi a ki deja pase nan eleksyon. Men non 2 fanm depite yo : Jossie Etienne, pou sikonskripsyon Milo ak Cluny Dumay, pou sikonskripsyon Kwa dè Boukè. Deja genyen 84 manm nan Lachanm.

Nan KEP la, pou 9 konseye, genyen yon sèl fanm : Josefa Raymond Gauthier.

Lè yo te nonmen Gessie Cameau Coicou kòm Enspektè Jeneral Lapolis, sa te atire atansyon tout moun. Kounye a li pa nan pòs sa a ankò.

Lè n konstate pozisyon fanm genyen nan nouvo Gouvènman an, nou konstate genyen yon bak ki fèt parapò ak Gouvènman tranzisyon an, lè te genyen 4 fanm pami 18 minis yo. Eske pa ta gen fanm nan peyi a ki genyen konpetans nan domèn politik ? Men yon kesyon tout moun andwa poze tèt yo ...



« Ranfòsman pouvwa aksyon fanm yo, epi patisipasyon yo egalego nan tout domèn lavi sosyal, pouvwa pou pran desizyon ak aksè pou jwenn pouvwa ladan tou, se kondisyon esansyèl yo ye pou genyen egalite, devlopman ak lapè. » Se sa Kofi Annan, sekretè jeneral Nasyonzini t ap di jou ki 8 mas 2006, nan lokazyon Jounen entènasyonal Fanm.

*JH*

*Sous: Ronald Cobert nan Alterpresse, 8 septanm 2006*

### **Yon akò pou mete règ jwèt nan zafè komès zam**

Jou ki 11 oktòb 2006, Asanble jeneral Nasyonzini vin mete l dakò pou adopte yon rezolisyon ki mete règ jwèt nan zafè komès zam yo : depi ti zam tankou revòlvè rive nan elikòptè ak cha pou mennen batay. Y ap fè yon akò sou kòmès zam yo. Yo ka vote tèks la nan finisman mwa oktòb la.

Nan ti mo pou louvri akò a, y ap pale tou sou zafè dwa moun. Twò souvan zam sa yo sèvi pou vyole dwa moun, epi dwa lavi se yon dwa chak moun genyen li ye.

Peyi d Ayiti pami peyi yo ki soutni rezolisyon an. Pami peyi sa yo toujou, genyen plizyè ki te soufri anpil nan dènye tan sa yo anba tout kalte vyolans gwoup ak zam t ap fè yo, tankou Kolonbi, Rwanda, Timò Lès. Gen kèk peyi nou pa jwenn nan lis sa a, tankou Etazini, Venezwela, Repiblik Dominiken, Kiba pou pale sèlman sou kèk peyi ki toupre nou.

Plizyè òganizasyon t ap fè kanpay pou akò sa a rive fèt, pami yo OXFAM, IANSA (yon Rezo k ap travay sou limite zafè ti zam yo) ak Amnèsti Entènasyonal. Genyen 20 pèsonaj ki te jwenn Pri Nobèl Lapè a ki t ap soutni aksyon anfavè akò sila a. Anpil kalkil ap fèt sou dega ti zam yo ap fè nan sosyete yo. Depi yo te kòmanse fè kanpay pou mete sou pye akò sa a 3 lane pase, yo panse sou latè beni genyen 3 milyon moun ki te pèdi vi yo ak ti zam sa yo.

## **Pri Nobèl Lapè pou Muhammad Yunus, yon moun peyi Bangladèsh**

Bangladèsh, se yon peyi pòv ki chita sou kontinan Lazi. Muhammad Yunus (Mouhamad Younous) te fonde yon bank pou pòv yo, sa vle di yon kote pòv yo tou kapab ale pou prete kòb pou kreye aktivite nan vi yo. Bank sa a rele Grameen bank (Gramin Bank). Nan moman sa a, li prete plis pase 6 milyon 600 mil moun nan kontinan Lazi kòb. Sa se prèske tout popilasyon ayisyen an. Pi fò moun ki prete lajan se fanm. Bank sila a egziste kounye a depi 30 lane.

An Ayiti tou, genyen anpil kote yo bay moun kredi, sitou fanm pòv yo. Nou sonje kriz ki te genyen nan koze koperativ yo. Sa fè n wè, se pa tout enstitisyon ki chita sou prensip ki anfòm. Men tou, nou konnen enstitisyon ki gen bon prensip, tankou gwoup fanm nan Karitas ki travay ak kredi yo jwenn. Anpil nan enstitisyon k ap bay kredi konsa te aprann nan men Younous ak Gramin bank la. Egzanp : moun yo prete kòm gwoup ; youn reskonsab pou lòt la renmèt kòb li. Yo pa prete moun, san pa gen fòmasyon k ap fèt kote moun yo aprann jere kòb. Fonkoze ak Karitas te prann anpil nan prensip sa yo. Eksperyans la montre, menm sa k pi pòv yo, yo menm tou, kapab travay pou devlope tèt yo. « Chak moun sou latè genyen kapasite epi li gen dwa pou viv yon vi ki kòrèk ».

Pri Nobèl Lapè a se pou moun ki travay pou lapè, epoutan se yon aktivite ekonomik pou pòv yo ki jwenn pri a lane sa a. Ak jès sa a, komite a k ap chwazi moun pou bay pri a montre aklè travay pou lapè se yon pakèt bagay li ye. Anpil bagay dwe fèt pou bati yon lapè ki solid. Bon edikasyon, travay, respè lalwa, jistis, patisipasyon, bon jan kominikasyon ... tout bagay sa yo ansanm kreye kondisyon pou bati lapè. Li pa fasil pou bati lapè lè moun ap viv nan pwoblèm ak tout kalte nesosite, paske lamizè se yon vyolasyon dwa moun li ye, se yon fòm vyolans, menm si l pa fèt ak zam.

## **Yon ti gade nan bidjè peyi a**

Ki sa bidjè peyi a ye ? Bidjè peyi a se yon plan Gouvènman an tabli sou fason l ap jwenn resous lajan pandan lane k ap vini, epi sou fason l ap depanse lajan sa a.

Bidjè peyi a an jeneral genyen de (2) gwo chapit ladan l : li genyen yon bidjè fonksyònman, epi genyen yon bidjè envèstisman. Fonksyònman an ranmase tout depans yo pou fè Leta ak enstitisyon l yo mache. Li genyen sitou salè anplwaye yo ladan l. Envèstisman an fè n wè ki jefò Gouvènman an ap fè pou mete sou pye chapant ki pi dirab, ki pèmèt Leta fonksyone denmen e apredenmen.

Gouvènman tranzisyon an te kòmanse travay sou yon bidjè pou lane ki kòmanse nan mwa oktòb 2006 rive mwa sektanm 2007. Konsa Gouvènman sa a te rive mete sou pye yon bidjè.

Men konbyen lajan Gouvènman an vle depanse : 64.000 milyon goud. Sa vle di : apepre 8.000 goud pou chak sitwayen nan peyi a.

Men ki kote lajan sa a ap sòti : An prensip se sitwayen yo ansanm ki peye depans Leta genyen pou fè yo. Se sa ki fèt lè moun yo peye taks yo. Genyen taks sou gaz, gen taks sou tout pwodwi moun achte nan magazen, gen taks sou salè moun ki gen travay. Ak divès taks sa yo, Leta reyisi peye 35 sou chak 100 goud (35 %) li bezwen depanse. Pou lòt 65 goud yo (65 %), Leta bezwen mande oswa prete lajan nan men peyi etranje.

Men nan ki sa y ap depanse lajan an : Lapolis nasyonal jwenn 4.000 milyon goud (plis pase 6 % nan tout lajan y ap depanse). Sa vle di yo te double lajan yo te bay lapolis nan lane anvan an.

Apa lapolis, Ministè Lajistis la menm jwenn ...Lè n konsidere refòm Lajistis ki dwe fèt, montan an piti anpil. Nou pa kab bliye, Pouvwa jidisyè a se twazyèm Pouvwa nan Leta li ye, epi si pa gen jistis pa gen demokrasi, pa gen viv ansanm, pa gen peyi.

Yo mete sou kote 100 milyon goud pou pèmèt komin yo fè travay yo; epi yo te mete sou kote 50 milyon goud pou pèmèt pati politik yo ranfòse tèt yo.

Edikasyon nan peyi a jwenn 8 sou chak 100 goud Leta ap depanse. Lè n konsidere pakèt timoun ki pa al lekòl, lè n konstate pa gen sant pwofesyonèl pou aprann metye ak inivèsite ase sitou nan depatman yo, lè n gade jan popilasyon peyi a jèn anpil, nou pa kab di ledikasyon se yon chapit ki enpòtan anpil nan tèt Gouvènman an.

### **Klodèt Wèle (Claudette Werleigh) nouvo Sekretè jeneral nan Pax Christi Entènasyonal**

Komite Egzekitif Mouvman entènasyonal katolik pou Lapè ki rele Pax Christi (Lapè Kris la), te chwazi Klodèt Wèle pou vin nouvo Sekretè jeneral li kòmanse nan mwa novanm 2007. Klodèt se yon Ayisyèn li ye, li te premye Minis peyi a nan lane 1995-96. Li te deja manm nan Komite egzekitif Mouvman Pax Christi a nan lane 1992 rive 2001, epi li te travay pou yon enstiti ekimenik pou Lapè nan peyi Swèd. Nan nouvo fonksyon sa a, l ap swiv Etienne Dejonghe ki Sekretè jeneral mouvman an nan moman sa a.

Pax Christi se yon mouvman entènasyonal katolik pou Lapè. **Komisyon Nasyonal Jistis ak Lapè an Ayiti asosye kòm patnè nan Mouvman sila a.** Komisyon an esprime tout kè kontan l pou l kapab kolabore ak nouvo Sekretè a. Li swete l konpliman ak nominasyon an.